# Аўыл хожалығы министрлиги басшы-хызметкерлери менен сораўнама өткерилди

**Бүгин Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2019-жыл 3-октябрдеги “Өзбекстан Республикасында кадрлар сиясаты ҳәм мәмлекетлик пуқаралық хызмети системасын түп-тийкарынан жетилистириў илажлары ҳаққында”ғы ПП-5843-санлы пәрманында белгиленген ўазыйпаларды орынлаў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Мәмлекетлик хызметин раўажландырыў агентлиги Қарақпақстан Республикасы филиалы тәрепинен бириншилер қатарында Қарақалпақстан Республикасы Аўыл хожалығы министрлиги орайлық аппараты ҳәм оның районлық бөлимлериндеги басшы хызметкерлери менен социаллық (аноним) сораўнама өткерилди.**

**Image not found or type unknown**

Илаж Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Мәмлекетлик хызметин раўажландырыў агентлиги Қарақалпақстан Республикасы филиалы тәрепинен Қарақалпақстан Республикасы Аўыл хожалығы министрлиги орайлық аппараты ҳәм оның районлық бөлимлериндеги басшы хызметкерлери менен «Басқарыў кадрлары потенциалын моделлестириў» сораўнамасы ҳәм оның сапасы бойынша өткерилген анализ тийкарында әмелге асырылмақта.

Бүгинги сораўнаманы өткериўде тийкарынан басшы кадрлардың потенциаллық билимин жетилистириў, басшы менен хызметкерлердиң өз-ара мүнәсибетлери, басшылардың хызметкерлер менен бирге ислесиўде көбирек ўақыт ажыратыўы, басшылардың шөлкемлестириўшилик қәбилети ҳәм кадрлар көнликпелери бойынша пикирлер алмасылды.

Image not found or type unknown

Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Мәмлекетлик хызметин раўажландырыўагентлиги Қарақалпақстан Республикасы филиалы тәрепинен Республикамыздағы министрликлер системасындағы басшы-хызметкерлери менен усы тийкардағы анализ ҳәм сораўнамларды өткериў илажлары даўам етпекте.

Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети